

PAJ ENFÒMASYON PWOJÈ KONSTRIKSYON

DEPATMAN TRANSPOTASYON NAN FLORID



State Road (SR) 860/Miami Gardens Drive

Soti nan wès de NW 27 Avenue pou rive nan lès de NE 5 Avenue

Nimewo Idantifikasyon pwojè a: 447800-1-52-01, 447801-2-52-01

GID FDOT

FDOT pran angajman pou li asire enfrastrikti Eta a sèvi abitan, biznis, ak vizitè pou reponn a bezwen yo genyen nan kesyon transpò kounye a epi pi devan. Men kèk nan pwèn kle yo: pwoteksyon moun, rezistans, chèn livrezon, teknoloji, ak devlopman mendèv. Men avantaj pwojè sa a:

KOMINOTE

- Retire ale ki abandone andedan limit pwojè a
- Amelyore ekleraj ak enstale nouvo siyal veyikil pou pyeton, siy, ak pasaj pou pyeton yo

SEKIRITE

- Rekonstriksyon twotwa yo ak antre garay yo
- Retire pati beton ki ant SR 860/Miami Gardens Drive ak NW 5 Avenue
- Lajman zòn separasyon nan SR 860/Miami Gardens Drive ant NW 5 Court ak NW 5 Avenue

REZISTANS

- Rekouvri ak repentire liy yo pou prezève lavi sèvis wout la
- Amelyore sistèm drenaj dlo lapli a pou ogmante kapasite li

CHÈN LIVREZON

- Ranplase ak amelyore pant twotwa yo pou pyeton

TEKNOLOJI

- Enstale nouvo siyal dekont ak poto bouton peze yo pou pyeton

DEVLOPMAN MENDÈV

- Pwojè sa a kreye opòtinite pou kontraktè yo, sa ki bay benefis ekonomik pozitif pou travayè yo ak kominote a

ENFÒMASYON SOU WOUT KAP FÈMEN YO

Travay yo pral fèt an faz pou diminye efè konstriksyon sou kominote a. Wout yo pral fèmen pandan lè sa yo:

- 9 a.m. jiska 3:30 p.m., jou semèn ak fen semen yo
- 8 p.m. jiska 6 a.m., de Dimanch a Jedi
- 11:30 p.m. jiska 6:30 a.m., Vandredi ak Samdi

Aksè pou biznis ak rezidans yo ap rete disponib. Enfòmasyon sou wout kap fèmen ap afiche chak semèn sou sit entènèt depatman an, www.southflroads.com.



MEN SA NOU DWE ATANN

Y ap fè travay yo etap pa etap pou sa pa twò deranje moun nan zòn nan. Fèmen wout tanporè yo ka afekte trafik la pandan lè ki pa chaje ak jou ki pa gen evènman yo. Y ap afiche siy ki byen klè tout lòt wout pou machin pase. Y ap kite wout pou moun ki antre soti nan pwopriete ki nan zòn nan.

ORÈ

Avril 2025 - Ete 2026

PRI KONSTRIKSYON AN

\$9.5 milyon

ZÒN PWOJE YO

Vil Miami Gardens

Konti Miami-Dade

Avi: Li posib pou chanje dat yo.

TOUJOU METE SEKIRITE AN

PREMYE

Pou sekirite ou ak sekirite lòt moun, tanpri pran prekosyon lè ou ap kondwi machin, lè ou ap mache osinon lè ou ap pase sou bekann nan zòn konstriksyon yo. Pou nouwèl sou sikilasyon, al sou: www.fl511.com.

KONTAKTE

Espesyalis Kontak Kominote Konsiltan FDOT

Aliyah Gomez | Aliyah.Gomez@dot.state.fl.us | 786-774-9714

SWIV NOU

MyFDOT_Miami

MyFDOTMiami

SOUTHFLROADS.COM

Eskane kòd QR sa a pou dènye nouwèl sou pwojè a.

